दिन–सोमवार दिनांक–23.03.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:35 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

आइ लोकसभा मे अपन संबोधन मे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि जे भारत पश्चिम एशिया मे जारी संघर्ष पर लगातार चिंता व्यक्त कयलक अछि। श्री मोदी कहलनि जे हालात अखनहुं चिंताजनक अछि। प्रधानमंत्री कहलनि जे सभ पक्ष सँ तनाव कम करबाक आग्रह कयल गेल अछि आओर एहि बात पर जोर देलनि जे एहि संघर्षक एकमात्र समाधान शांति, संवाद आओर कूटनीति अछि। एहि बीच प्रधानमंत्री देश मे कालाबाजारी पर चिता व्यक्त करैत कहलनि जे सभ राज्य सरकार संवदेनशील, सतर्क आओर हर संभाव सहायता प्रदान करबाक लेल तैयार रहथि। प्रधानमंत्री देश कँ ई सुनिश्चित कयलनि जे देशक खाद्य भंडार पर्याप्त मात्रा मे अछि। ओ कहलनि जे हालहिं के वर्ष मे सरकार उर्वरक सभक पर्याप्त व्यवस्था कयलक अछि ताकि वैश्विक संकटक बोझ किसान सभ पर नहि पड़य। श्री मोदी कहलनि जे युद्धक वैश्विक प्रभाव किछु समय धरि बनल रहि सकैत अछि एहिक लेल देश कँ तैयार रहबाक लेल कहलनि अछि।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक समृद्धि यात्राक पांचम आओर अंतिम चरण आइ सँ शुरूआत भेल। श्री कुमार जहानाबाद मे आयोजित कार्यक्रम मे सत्तरि करोड़ टाकाक लागति बला अट्ठासी योजनाक उद्घाटन कयलनि। संगहि, ओ एक सय बिरासी करोड़ टाकाक लागति बला तिहत्तरि योजनाक शिलान्यास सेहो कयलनि। एहि अवसर पर आयोजित जनसंवाद मे मुख्यमंत्री कहलनि जे पछिला दू दशक मे स्वास्थ्य, शिक्षा, रोजगार आओर आधारभूत संरचना निर्माण जेहेन क्षेत्र मे राज्य उल्लेखनीय प्रगति कयलक अछि। श्री कुमार कहलनि जे आइ बिहार देशक विकसित राज्य सभक श्रेणी मे शामिल होयबाक लेल अग्रसर अछि। एम्हर अरवल मे आयोजित कार्यक्रम मे मुख्यमंत्री तिरेसठि करोड़ टाकाक लागति बला बाईस योजनाक सभक शिलान्यास आओर नब्बे करोड़ टाकाक लागति बला दू सय पचास योजनाक उद्घाटन सेहो कयलनि। एहि अवसर पर श्री कुमार दुनू जिला मे चलि रहल कतेको विकास आओर कल्याणकारी योजना सभक समीक्षा सेहो कयलनि।

———————————————————————————

इंटरमीडिएटक वार्षिक परीक्षाक परिणाम आइ जारी कऽ देल गेल। कुल पचासी दशमलव एक नओ प्रतिशत परीक्षार्थी सफल भेल छथि। विज्ञान संकाय मे आदित्य प्रकाश अमन, कला संकाय मे निशु कुमारी आ वाणिज्य संकाय मे आदिति कुमारी पूरा बिहार मे प्रथम स्थान प्राप्त कयलनि। शिक्षा मंत्री सुनिल कुमार आइ पटना स्थित बिहार विद्यालय परीक्षा समीतिक सभागार मे परीक्षाफल जारी कयलनि। एहि परीक्षा मे चौरासी दशमलव नओ प्रतिशत छात्र आओर छियासी दशमलव दू तीन प्रतिशत छात्रा सफल रहलीह। बोर्डक अध्यक्ष आनंद किशोर कहलनि जे तीनु संकाय सभ मे छब्बीस टॉपर मे उन्नीस बालिका छथि। एहि अवसर पर बीएसईबीक अध्यक्ष आनंद किशोर सेहो उपस्थित छलाह। परीक्षार्थी अपन रिजल्ट इंटर बिहार बोर्ड डॉट कॉम आओर बीएसईबी एग्जाम डॉट कॉम पर देख सकैत छथि।

———————————————————————————

मिथिला भवन राजेन्द्र नगर पटना मे चेतना समिति पटना द्वारा मिथिला एवं मैथिली सँ जुडल कतेको संस्थानक संग एकटा महत्वपूर्ण बैसार कयल गेल। एहि बैसारक मुख्य उद्देश्य मैथिली भाष, कला आ सांस्कृतिक संवर्धनक लेल प्रस्तावित **चेतना जागरण यात्रा दू हजार छब्बीसक** प्रारूप एवं दिशा–निर्देश निर्धारित करब छल। मिथिला स्टूडेंट यूनियनक प्रतिनिधि रजनीश प्रियदर्शी अपन बात रखैत कहलनि जे लेखक, शिक्षक आ जनप्रतिनिधि सभ कैँ एहि जागरण यात्रा सँ जुड़बाक चाही। एहि अवसर पर समितिक अध्यक्ष विवेकानंद झा, सचिव जयदेव मिश्र, कार्यक्रमक संयोजक दिनेश चंद्र झा, संगठन सचिव प्रियंका मिश्र आ संचालक श्री नारायण झा उपस्थित छलाह।

———————————————————————————

महान समाजवादी डॉक्टर राम मनोहर लोहियाक जयंती पर राष्ट्र हुनका भावभीनी श्रद्धांजलि अर्पित कऽ रहल अछि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी डॉक्टर लोहिया कैँ श्रद्धांजलि दैत हुनाक दूरदर्शी नेता कहलनि।

———————————————————————————

बिहार दिवस पर आयोजित तीन दिवसीय समारोहक आइ दोसर दिन पटना मे कतेको सांस्कृतिक कार्यक्रम आयोजित कयल जायत। गांधी मैदान मे जानल–मानल पार्श्व गायक **शानक** प्रस्तुति होयत।एकर अतिरिक्त रविन्द्र भवन मे दरभंगा घराना सँ मल्लिक बंधु ध्रुपद गायन पेश करताह।

———————————————————————————

समाप्त